

WHAT THE BODY CARRIES

M. Florine Démosthène
& Didier William

(Pwa kò a pote)

Moun ki ekri li: Grace Aneiza Ali



Si w ta renmen li gid
galeri ekspozisyon sa a
sou aparèy ou, ale sou
[FristArtMuseum.org/What-the-Body-](https://FristArtMuseum.org/What-the-Body-oswa)
oswa eskane kòd QR sa a.

“Yo se pèp Kreyasyon. . . . Kreyatè a . . . bay yo syèl la pou yo pote paske yo gen anpil fòs. Moun sa yo pa konn kiyès yo ye. Men, si ou gen anpil difikilte nan lavi ou, se paske yo te chwazi w pou w pote yon pati nan syèl la sou tèt ou.”

—Edwidge Dandicat, *Breath, Eyes, Memory* (Soho Press, 2003), 25.

Lè lakay pa pèmèt nou rete.¹ Lè tè kote n ap chèche refij la vin pa ka resevwa n. Lè yo pa rele nou nan non nou, non sa zansèt nou ye ta ba nou, men yo rele n nan lòt non, alewè pi mal toujou. Lè pratik espirityèl nou ale jwenn pou n ka chèche sans nan yon mond ki chaje ak kawo vin tounen yon bagay yo demonize. Epi lè, menm lè a, depasman nou te kreye yon bèl eritaj kiltirèl ak sistèm valè pou simaye nan tout mond lan. Kijan kò a pote tout chay sa yo? Kijan kò a reziste ak yon eritaj li pa vle? Ki kapasite n genyen pou n sipòte tout chay sa yo? Ki dwa n genyen pou n depoze tout chay sa yo? Kijan nou reklame bèlte ak redanpsyon? Kijan kò a jwenn repo, rekil, soulajman devan tout endiyite sa yo?

Sa yo se kesyon, eksplorasyon ak pwovokasyon ki devwale nan kreyasyon wòdpòt atis Ayisyano Ameriken M. Florine Démosthène ak Didier William ki prezante nan ekspozisyon *What the Body Carries* (Pwa kò a pote). Nan reprezantasyon yo, nou konstate bagay ki pi pwofon kò sa yo pote se libète.

Kòm yon repons ak kesyon sa yo, ekriven Ta-Nehisi Coates te rapòte sa zansèt li yo te di l “Sa se peyi w, sa se mond ou, sa se kò w epi ou dwe chèche yon fason pou viv ak tout bagay sa yo.”² Imajinasyon Démosthène ak William ofri kò k ap briye ki jis ap fè sa—viv anndan, viv deyò, viv atravè, viv pi lwen. Yo plase reprezantasyon yo nan espas ki travèse syèl, tè, ak lanmè: yon miltivè ki fèt ak galaksi lòt mond, mond fènwa anba tè, forè k ap pran dife, abim akwatik anba dlo, yon peyizaj maren chaje ak nyaj, syèl ak lanfè. Petèt yo se metafò pou tranbleman t.è, siklòn, vyolans leta sanksyone, eleksyon, lanmò, povrete, rèv ki repouse. Sepandan, nan tout sa, kò sa yo san limit, gravite a pa gen efè sou yo, yo an apezanntè, anrasinen epi ap flote fas ak yon tè ki boule, dlo a ap charye l olye li nwaye l, mouvman ki planifye epi ki fèt alenpwovis, ajite epi kalm, vilnerab men redoutab, Yo enganm, yo pa frajil. Yo goumen di epi yo jwe di. Yo lib. Epi li egziste nan konfliyan ak kontradiksyon sa yo malgre sa yo dwe pote.

Kisa kò sa yo pote?

Ayiti, pèp li epi tradisyon kiltirèl li yo, depi lontan, yo te toujou fasinen imajinè ameriken an epi yo te konsidere yo kòm yon menas pou nasyon ameriken an. Pwopriyetè plantasyon nan Sid yo te pè pou Revolisyon ayisyèn 1791-1804 la, ki te fè Ayiti vin premye nasyon Nwa endepandan nan Amerik la, pa t ensite esklav nan Sid Etazini yo revòlte avan Gè Sesesyon an. Alòs, yo te travay pou pase kwa sou tout konesans ki gen rapò ak sa. Nan Tennessee an patikilye, asanble Eta a te adopte yon lwa an 1803 ki te rann diskisyon piblik sou revolisyon an ilegal, epi, pou pi klè, sou tout revòlt esklav, ak laperèz sa p ap ankouraje soulèyman. Kilti popilè ameriken an te vin obsede ak zonbi, pèsonaj ki anrasinen nan kwayans vodou ayisyen sou espri mò ak lavi apre lanmò—kwayans anpil

relijyon pataje men ki pa t sibi menm nivo estigmatizasyon an. Epi dènyeman, menm kominote ayisyen ki pi senp nan ti vil yo te lage nan diskou politik nasyonal la, kote yo te prezante imigran yo kòm

Imaj 1: Didier William. *Moult I*, 2023. Akrilik, lank, luil, ak eskilti bwa sou panno; 52 x 72 pous. Koleksyon prive, koutwazi Altman Siegal, San Francisco. Imaj la koutwazi atis la ak and Altman Siegal, San Francisco. © Didier William



anvayisè, ki vin domaj kolateral nan eleksyon 2024 la. Coates ekri “ Nan Etazini, se yon tradisyon pou detwi kò nwa—se yon *eritaj*.”³ Kò a vin tounen yon resipyan pou tout istwa sa a. Sa yo se jis kèk nan kontèks istorik ak kontanporen ki nourri mond yo, menm si yo parèt imajinè, kote reprezantasyon Démosthène ak William yo dwe egziste an menm tan epi pwoteje tèt yo kont yo.

Pou w prepare tèt ou, se pou w pare pou afwonte bagay ki difisil—sa w konnen ak sa w pa konnen. Sa vle di tou, pwoteje kò a fizikman ansanm ak espri li. Nan woman 1953 li a, *In the castle of my skin (Nan chato po m nan)*, ekriyen Babad la, George Lamming, rakonte kijan, kòm yon ti gason, li te oblije prepare tèt li nan gade kolonizatè britanik yo ki devalorize eritaj afriken zile a. Li te ekri, “Yo p ap janm konnen ou menm ki kache kèk kote nan chato po w.”⁴ Pa entuisyon, alafwa Démosthène ak William, yo ranfòse kò a nan tounen gad chato po a. Pou Démosthène, ranfòsman sa a fèt an dousè sou fòm yon kò ki kouvri ak yon dezyèm po ki gen dlo—yon kò ki kouvri diferan koulè tankou ble, vèt, akwa, ak tikwaz; yon kò ki reziste ak dlo, enpèmeyab, ki defye dlo; yon kò ki ka ni kache kò l



epi l vle parèt; yon kò ki klere epi ki gen tout koulè lakansyèl yo malgre twomatis istorik lanmè a pote pou pèp Karayib la.

Pou William, ranfòsman sa a pran fòm yon kò je yo pwoteje. Desizyon atis la pou l blende reprezantasyon li yo nan grave yon galaksi je sou po yo pran nesans nan yon chagren ak yon endiyasyon: اساسina an 2012—ak absans lajistis ki te suiv dosye a—Trayvon Martin, yon jèn gason 17 lane, nan yon katye Sanford nan Florida, pa lwen kote William te grandi kòm timoun nan Miami. Je sa yo se yon zak rezistans. Yo akize rega ki fè kò a etranje epi yo voye rega a tounen bay moun k ap gade yo *Gade m k ap gade w k ap gade m*, sanble y ap pwovoke sa.

Démosthène jwenn fòs tou nan pratik kiltirèl Ayisyen, ki soti nan pratik kiltirèl Afrik Delwès, jan nou ka wè sa nan espas sakre modèn li yo ak reprezantasyon kote moun ap lapriyè nan travay kolaj li yo. Ni li menm ni William angaje konsèp Marasa nan Vodou Ayisyen an—jimo sakre ki gen rapò ak marasa lbeji yo nan kwayans Yowouba—nan diplikasyon ak nan doubli fòm yo nan travay yo. Yo se gadyen espas tranzisyon yo kote mond anwo rankontre ak mond anba—kote mond vivan yo kontre ak mond lanmò yo.

Reprezantasyon Démosthène ak William yo toujou an mouvman pandan y ap migre nan tan ak espas. Remake kijan reprezantasyon William yo evolye nan mond yo avèk alafwa fòs ak tandrès. Kijan yo avanse ak dousè epi poutan kapab kraze sa k ap pase sou chimen yo ak detèminasyon fèm. Kijan pla men ki ouvri yo envite dousman epi pouse an menm tan ak fòs. Se dans sa a imigran yo twò alèz ak li a. Menm jan an, kò Démosthène yo tòde epi pliye. Genyen ki makònen, gen lòt k ap lite youn ak lòt; gen kèk k ap anbrase youn lòt, gen lòt ki repouse yo; gen kèk ki se fòm lonbray, gen lòt ki se miwa. *Kenbe n si w kapab*, sanble y ap pwovoke sa.

Nan pwòp trajektwa migratwa pèsonèl yo ak istwa imigrasyon fanmi yo, de atis sa yo fòme yon konstelasyon eksperyans ki ap vire youn ozalantou lòt. Démosthène fèt Etazini epi li grandi Pòtoprens ak New York. William, li menm menm, te imigre soti Pòtoprens pou ale Miami

lè li te timoun. Menm jan ak pèsonaj espektakilè ki nan travay yo, yo menm yo travèse espas tranzisyon. Triyangilasyon kote sa a—soti Pòtoprens pase New York pou rive Miami—trase kat jewografi

Imaj 2: M. Florine Démosthène. *What We Know & What We Don't Know* (Sa nou konnen ak sa n pa konnen), vi enstalasyon nan *Mastering the Dream*, eskilti ki enprime an 3D ak teknik miks. Koutwazi atis la. Foto: SCAD Museum of Art



Imaj 3: Didier William. *Redemption, Resurrection*, 2023. Akrilik, lank, ak eskilti bwa sou panno; 106 x 70 pous. Koutwazi atis la ak James Fuentes Gallery. Imaj la se koutwazi Pilar Corrias Gallery. © Didier William

dyaspora Ayisyen an. Li make tou vil kote imigran ayisyen yo kontinye onore bèlte kilti yo, bati lavi nan venteyinyèm syèk la, leve fanmi yo, renmen moun yo renmen, fè atizay yo epi pousuiv rèv yo, tout sa yo

nan chèche dwa inivèsèl pou lavi, libète ak lakontantman. Sa tou se pwa kò a pote.

N ap jwenn tèt nou nan mond ki trayi nou, ki plase n nan kwazman danjere. Mond ki ka rapid vit tounen—pou prete tit seri 2022 William nan—tè modi. Olye pou yo kraze anba tout chay sa yo, okontrè, Démosthène ak William ofri nou kò ki pwospere alafwa nan amoni ak disonans. Kit yo an asansyon, ap repoze, ap vole, oswa ap goumen, ini nan kominote a epi lye nan solidarite, yo se gadyen frè ak sè jimo yo. Nan *What the Body Carries (Pwa Kò a Pote)*, Démosthène ak William mete ansanm titan sinatirèl ki prè pou vanje, kò yo ki prè pou defye ak pou anbrase.

Grace Aneiza Ali se yon konsèvatè Giyaneyen ki fokis sou Atizay ak migrasyon epi se yon asistan pwofesè nan Depatman Atizay ak Istwa Atizay nan Florida State University. Li se konsèvatè 2024-2025 pou Vanderbilt University pou pwogram Engine for Art, Democracy, and Justice (EADJ), yon patnè enstitisyonèl Frist Art Museum.

Nòt

1. Fraz “lè lakay pa pèmèt nou rete” a soti nan yon pati nan yon powèm “Home” (2019) powèt Somalyen Britanik la, Warsan Shire, kote li ekri: “ou sèlman kite lakay / lè lakay pa kite w rete.”

2. Ta-Neshi Coates, “Letter to My Son (Lèt pou Pitit Gason Mwen),” *Atlantic*, 4 Jiyè 2015, <https://www.theatlantic.com/politics/archive/2015/07/tanehisi-coates-between-the-world-and-me/397619/>.

3. Ibid.

4. George Lamming, *In the Castle of My Skin (Nan Chato Po m nan)* McGraw-Hill, 1953), 261.

**M. Florine Démosthène ak Didier William:
What the Body Carries (Pwa kò a pote)**

31 Janvyè–4 Me 2025

Frist Art Museum òganize l

Moun ki sipòte l an pati se:

Clay Blevins

Gordon CAP Gallery Fund

Frist Art Museum an pati moun ki sipòte l se:



**Frist Art
Museum**

Konekte ak nou @FristArtMuseum



#TheFrist #FristWhattheBodyCarries

Kouvèti: M. Florine Démosthène. *Pou Those Who Know (Pou Sila yo Ki Konnen)*, Pati 2, 2024.

Mila, akrilik, ak payèt sou papye; 39 x 27 1/2 pous. Koutwazi atis la. © M. Florine Démosthène